

# Dwa ak Obligasyon Patwon/Sendika

Iwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay entèdi patwon yo pou fè deranjman, mete restriksyon, oswa fè presyon sou anplwaye yo nan egzèsis dwa yo anrapò avèk òganizasyon, fòmasyon yon òganizasyon travay, vin manm nan youn oswa bay asistans pou youn pou objektif negosyasyon angwoup avèk patwon an, oswa nan egzèsis dwa yo pou travay ansanm pou amelyore kondisyon jeneral travay la, oswa lwa a entèdi patwon an anpeche anplwaye yo fè nenpòt aktivite konsa. Menm jan tou, òganizasyon travay yo pa ka anpeche oswa fè presyon sou anplwaye yo nan egzèsis dwa sa yo.

## Men kèk egzanp konduit patwon ki vyole lwa a:

- Menase anplwaye yo pou yo pèdi djòb yo oswa avantaj yo si yo antre nan yon sendika oswa si yo vote pon sendika oswa si yo angaje nan aktivite pwoteje nan tèt ansanm.
- Menase pou fèmen izin nan si anplwaye yo chwazi yon sendika pou reprezante yo.
- Kesyone anplwaye yo konsènan senpati yo pou sendika oswa aktivite nan sikonstans ki gen tandans pou deranje, mete restriksyon oswa fè presyon sou anplwaye yo nan egzèsis dwa yo anba Lwa a.
- Pwomèt avantaj pou anplwaye yo pou dekoraje sipò yo pou sendika.
- Transfere, konprese, revoke, mete anplwaye yo nan aktivite travay ki pi difisil oswa pini anplwaye yo paske yo te angaje nan sendika oswa nan aktivite pwoteje nan tèt ansanm.
- Transfere, konprese, revoke, mete anplwaye yo nan aktivite travay ki pi difisil oswa pini anplwaye yo paske yo te depoze akizasyon pou pratik travay enjis oswa paske yo te patisiye nan yon ankèt NLRB te fè.
- **Gade von prezantasyon sou pi bon pratik yo pou evite epi pou batay kont vanjans**

## Men kèk egzanp òganizasyon travay ki vyole lwa a:

- Menase anplwaye yo pou fè yo konnen yo pral pèdi djòb yo sof si yo sipòte sendika a.
- Chèche jwenn sispansyon, ranvwa oswa lòt pinisyon kont yon anplwaye paske anplwaye a pa yon manm sendika menmsi anplwaye te peye oswa te ofri pou peye yon dwa antre legal epi peye frè chak peryòd annapre.
- Refize travay sou yon doleyans paske yon anplwaye te kritike ofisyèl sendika oswa paske yon anplwaye pa yon manm sendika nan eta kote yo pa pèmèt kloz sekirite nan sendika.
- Egzije peman amann kont anplwaye ki prezante demisyon valab nan sendika poutèt yo angaje nan aktivite pwoteje nan tèt ansanm apre demisyon yo oswa poutèt yo kwaze yon liy pikèt ilegal.
- Angaje nan move konduit liy pikèt, tankou menase, atake, oswa anpeche anplwaye ki pa fè grèv antre nan lokal patwon an.
- Fè grèv sou pwoblèm ki pa konsène kondisyon jeneral; travay la oswa mele avèk presyon moun ki pa ni pou ni kont nan yon konfli travay.

## Ki règ ki dirije negosyasyon angwoup avèk patwon pou jwenn yon kontra?

Apre anplwaye yo chwazi yon sendika kòm yon reprezantan nan negosyasyon angwooup avèk patwon an, patwon an ak sendika a gen obligasyon pou rankontre nan moman ki rezonab pou yo negosye an bòn-fwa sou salè yo, kantite èdtan travay, tan vakans, asirans, pratik sekirite ak lòt sijè obligatwa. Kèk desizyon direksyon travay la tankou bay sou-kontra, deplasman, ak lòt chanjman operasyonèl ka pa sijè obligasyon pou negosye, men patwon an dwe negosye sou efè desizyon an ap genyen sou inite anplwaye yo.

Se yon pratik travay enjis pou nenpòt moun ki konsène refize negosye angwooup avèk lòt moun ki konsène a, men moun ki konsène yo pa gen obligasyon pou jwenn yon akò oswa pou fè konsesyon.

Si apre gen efò an bòn-fwa ki fêt, moun ki konsène yo pa jwenn yon akò, patwon an ka deklare enpas, epi answit li ka aplike dènye òf li te prezante ba sendika a. Men, sendika a ka pa dakò yo rive nan yon vrè enpas epi li ka depoze yon akizasyon pou pratik travay enjis paske patwon an pa negosye an bòn-fwa. NLRB pral detèmine si yo te rive nan yon vrè enpas dapre istwa negosyasyon yo ak konpreyansyon tout moun ki konsène yo.

Si Ajans lan jwenn yo te rive nan enpas, y ap mande patwon an pou retounen sou tab negosyasyon an. Nan yon ka ekstrèm, NLRB ka chèche jwenn yon lòd nan tribunal federal pou fose patwon an negosye.

Obligasyon moun ki konsène yo pa fini lè kontra a ekspire. Yo dwe negosye an bòn-fwa pou jwenn yon kontra ranplasman oswa pou rezilyasyon akò a pandan kondisyon kontra ki ekspire a ap kontinye.

Yon moun ki konsène ki vle fini kontra a dwe fè lòt moun ki konsène a konnen sa alekri 60 jou anvan dat ekspirasyon an, oswa 60 jou anvan rezilyasyon ki pwopoze a. Moun ki konsène a dwe ofri pou rankontre ak chita pale avèk lòt moun ki konsène a epitou li dwe fè [Sèvis Federal pou Medyasyon ak Konsilyasyon](#) konnen egzistans yon konfli si yo pa jwenn yon akò nan moman an.

### Kijan yo detèmine negosyasyon an bòn-fwa?

Gen anpil santèn, pètèt anpil milye ka NLRB ki gen rapò avèk afè responsablite pou negosye an bòn-fwa. Lè Konsèy la ap detèmine si yon moun ki konsène ap negosye an bòn-fwa, Konsèy la ap analize totalite sikontans yo. Responsablite pou negosye an bòn-fwase yon obligasyon pou patisipe yon fason aktif nan deliberasyon yo tankou pou endike yon entansyon prezan pou akò. Sa vle di toulède gwoup moun yo gen yon lespri ouvè ak yon dezi sensè pou jwenn yon akò ak yon efò sensè tou pou jwenn yon baz komen.

Yo te mete lòt egzijans lan pou negosye an “bòn-fwa” pou asire yon moun ki konsène pa t vini sou tab negosyasyon an epi senpleman revize mosyon yo. Gen kritè objektif NLRB pral revize 0 pou detèmine si moun ki konsène yo respekte obligasyon yo pou negosye an bòn-fwa, tankou si moun ki konsène a vle rankontre nan moman ak entèval rezonab epi si moun ki konsène a gen reprezantasyon yon moun ki gen otorizasyon pou pran desizyon yo sou tab la. reprezante moun ki konsène

Li ka enpòtan tou pou moun ki konsène yo negosye lwen tab negosyasyon an. Paregzanp, si yon Patwon te dwe fè yon chanjman inilateral an fonksyon kondisyon travay anplwaye yo san negosyasyon, sa ta yon endikasyon patwon an gen movèz-fwa.

### **Ki règ ki genyen konsènan kotizasyon sendika?**

Kantite lajan sendika yo touche pou anplwaye yo reprezante yo depannde lwa federal ak lwa leta ak desizyon tribinal.

NLRA pèmèt patwon yo ak sendika yo antre nan akò sendika-sekirite, k ap egzije tout anplwaye ki nan yon inite negosyasyon pou yo vin manm nan sendika a epi pou yo kòmanse peye kotizasyon sendika a ak frè yo nan 30 jou apre anbochaj yo.

Menm anba yon akò pou sekirite, anplwaye ki pa dakò pou yo vin manm antye nan sendika a ka kontinye kòm manm ‘prensipal’ epi peye sèlman pòsyon kotizasyon dirèkteman pou reprezantasyon an, tankou negosyasyon angwooup avèk patwon an ak administrasyon kontra. Lè anplwaye sa yo se objektè, yo pa mamm konplè ankò men yo toujou pwoteje avèk kontra sendika a. Sendika yo gen obligasyon pou fè tout anplwaye ki pwoteje yo avèk kontra a konnen posiblite sa a, ki te kreye dapre yon desizyon Tribunal Siprèm epi ki rele dwa Beck.

Yon anplwaye ka pa dakò pou vin manm nan sendika a sou baz reliye, men nan ka sa a, anplwaye a dwe peye yon kantite lajan ki egal a kotizasyon an ba yon òganizasyon charite reliye.

### **Kisa Dwa pou Travay deklare?**

27 eta entèdi pou gen akò sendika-sekirite, poutèt yo te adopte lwa ki rele “dwa pou travay”. Nan eta sa yo, se chak anplwaye ak yon espas travay pou deside si pou antre oswa pou pa antre nan sendika epi peye kotizasyon, menmsi tout travayè yo pwoteje avèk akò sendika a negosye avèk patwon an.